*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 229 (25715)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 13 декабр — цыппурсы мæйы 13 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ФЕМБÆЛД — *Бархионты архайд*
3 МЫСÆН — *Поэт æмæ патриот*
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ — *Мас-рестлинг*

Санитарон цæстдард

## Эпидемиологон уавæр – карздæр

**Ивгъуыд къуырийы дæргъы грип-пæй рынчынты нымæц Цæгат Ирыстоны (стæй иннæ уæрæсейаг регионты дæр) зынгæ фæфылдæр. Уый тыххæй журналистæн фехъусын кодта "Роспотребнадзор"-ы.**



Афтæ, "Роспотребнадзор"-ы цæгатирыстойнаг управленийы минæвары ныхасмæ гæсгæ, дзуаппон рæстæг нæ республикæйы рынчынты нымæц 1,8 хатты фæфылдæр. Уыимæ, управленийы минæвар куыд загъта, афтæмæй рынчынтæн сæ 70 проценты бæрц сты сывæллæттæ.

Кæй зæгъын æй хъæуы, сæ уавæр тыхстдæр кæмæн у, уыцы адæмы бахъæуы рынчындæтты сæвæрын. Ахæм адæмæн медицинон кусæндæтты цы 288 бынаты бацæттæ кодтой, уыдонæй ныридæгæн 194 сынтæгыл рынчынты æрхуыссын кодтой.

Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрадæн бахæс кодта, цæмæй фæфылдæр кæна тагъд медицинон æххуысы бригадæты нымæц.

**Нæ уацхæссæг**

Юбилей

## Саламты Къолайы ном цæры адæмы зæрдæты

**Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры историйы йæ сфæлдыстадон æрмдзæф, сыгъзæринау, кæмæн æрттивы, нæ дзыллæйæн йæ ном уæлдай уарзондæрæй мысинаг кæмæн у алкæддæр, нæ национ культурæйы уыцы зæрингуырдтæн сæ зынгæдæртæй иу уыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг, Советон Цæдисы адæмон артист Саламты Къола. Театры сценæйы æмæ кинойы цы ирд фæлгонцтæ сарæзта, артисттæ æмæ мингай аивадуарзджыты зæрдæты йæ зæрдæхæлардзинад æмæ курдиаты руаджы цы ирд фæд ныууагъта, уымæн йæ рухс у æнусон.**

Номдзыд актеры райгуырдыл сæдæ азы кæй сæххæст, уый кадæн ивгъуыд майрæмбоны Ирон академион театры уыд йæ номарæн юбилейон изæр. Архайдтой дзы нæ республикæйы Хицауады, Культурæйы министрады разамынд, театралон æмæ аивадон коллективтæ, номдзыд актеры æмхъæуккæгтæ, йæ хиуæттæ, хæстæджытæ, аивадуарзджытæ.

Юбилейон изæры райдайæны йæ архайджытæ æрымысыдысты УФ-йы сгуыхт артист Хуыгаты Суреены рухс ном. Курдиатджын актер йæ цардæй ахицæн къуыри размæ. Саламты Къолаимæ йын уыд фидар сфæлдыстадон бастдзинæдтæ.

— Ирон театралон аивады Саламты Къолайы æрмдзæфæн фæивддзаггæнæн никæцы артисты курдиатимæ ис. Сыгъдæгзæрдæйæ уый æххæст кодта, царды æмæ йыл аивады цы хæстæ æвæрд уыд, уыдон. Куыд артист, афтæ йæ курдиат рæзыд Ирон театры бындурæвæрджыты цæстуарзон ахасты руаджы. Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд, Къола тохы цæхæрмæ атындзыдта, бирæ зынтæ дзы федта. Фæлæ уæддæр сæ уæззæй нæ фæцудыдта, Ирыстонмæ куы ссыд, уæд йæ царды фæстаг бонтæм нæ адæмæн йæ курдиатæй уыд зæрдиаг лæггадгæнæг. Йæ ном у таурæгъон. Стъалыйау æрттивы нæ бæстæйы театралон аивады. Сценæйы æмæ кинойы цы сурæттæ сарæзта, уыдон сты нæ удварны хъæздыгдзинад, национ культурæйы хæзнатæ. Саламты Къолайы хуызæн курдиатджын артист æмæ уæздан хистæры нæ театры абоны фæлтæр кæй мысынц, æгъдау ын кæй дæттынц, уый у стыр хорздзинад, — загъта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло.**



Адæмæн уарзон актер, ирон, уырыссаг æмæ дунеон драматургийы пьесæтæм гæсгæ æвæрд спектаклты сарæзта 200 сурæтæй фылдæр. Уыдонæй видеопленкæйыл фыстæй уæрæх экраныл аивадуарджытæ федтой Хуыгаты Георы **"Фыдæлты намыс"**, Гаглойты Владимиры **"Зæххон Хуыцæуттæ"**, Максим Горькийы **" Царды бын"**, Брытъиаты Зарифæйы æмæ Саламты Къолайы **"Дыууæ чындзæхсæвы"** æмæ **"Мæ усы мад"**-æй скъуыддзæгтæ.



РЦИ-Аланийы аивæдты сгуыхт архайæг **Бекъойты Розæ** номдзыд актеримæ цы спектаклтæ сæвæрдта, уыдонæй иу уыд **"Зæххон Хуыцæуттæ"**. Иумæ йæ сæвæрынил куыд куыстой, уый тыххæй та номарæн изæры афтæ радзырдта: "Къола уыдис, Ирон театры бындурæвæрджытæ Таутиаты Солæман, Тотраты Бесæ, Икъаты Серафин, Магкæты Арсен, Цæликкаты Мæирбег, Борыхъуаты Бимболат, Хъариаты Тамарæ æмæ нæ иннæ номдзыд артисттæ сæ курдиаты цæхæры кæй бахсыстой, уыцы уæздан æмæ зæрдæхæлар зæрингуырдтæй иу. Йемæ спектакл "Зæххон Хуыцæуттæ"-йы кусын уыд стыр кад. Йæ алыварс цы артисттæ уыд, уыдоныл куыд аудыдта, куыд хистæр, афтæ сын сфæлдыстады æмæ царды, ирон æгъдауы уыдис агургæ æмæ æнæаргæ дæнцæг. Къола æххуыс æмæ цæстуарзон амындтытæй дарддæр мæнæн, куыд режиссерæн, атисттæн, уыдис ныфс. Йæ ныхасы алы зæлы, йæ акъахдзæфы дæр уæздандзинад æмæ фыдæлты удварны рæсугъддзинад зындис. Уæздан æмæ рæстудæй йæ царды фæстаг сулæфты онг йæ хъысмæт æнгом баст уыд Ирон театр æмæ киноаивадимæ. Æз хъысмæтæй бузныг дæн, ме сфæлдыстадон фæндагыл Къолайы хуызæн хистæрыл кæй сæмбæлдтæн, уымæй. Æхсызгон мын у, нæ театры абоны фæлтæр ын ахæм аив æмæ зæрдæмæдзæугæ изæрæй йæ ном кæй арынц, йе сфæлдыстадыл, йæ хæстон фæндæгтыл кæй ныхас кæнæм, уый. Бузныг нæ республикæйы Хицауадæн, Культурæйы министрадæн, театры сæргълæууæг **Уалыты Георæн**, национ сценæйы зæрингуырд Саламты Къолайы курдиаты рухс фæлтæртæм ахæм хуызы хаст кæй цæуы, йе сфæлдыстадæн абоны онг цæрæнбон кæй ис, уый тыххæй".

(Кæрон 2 фарсыл)

Депутатты фæндон

## Æххуыс – æфсæддонтæн

**Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн ипотекон æфстæуттæ сын дæттыны хъуыддаджы баххуыс кæнын æмбæлы, зæгъгæ, афтæ фыст кæм ис, цæгатирыстойнаг Парламенты депутаттæ Новосибирскы облæсты Закъонæвæрынадон æмбырды депутатты ахæм куырдиаты фарс рахæцыдысты.**

Ацы хабар фехъусын кодтой нæ республикæйы Парламенты советы æмбырды архайджытæ. Гæххæтты автортæ куыд зæгъынц, афтæмæй, æрсидтмæ гæсгæ æфсæддон службæмæ кæмæ фæдзырдтой, уыцы адæм, стæй сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ бындурон исбоны цъындыйы (ипотекæйы) тыххæй бадзырд цæмæй сфидар кæной, ахæм фарста нымад у ахсджиагыл. Зæгъæм, бадзырд сфидар кæныны фадат кæй нæй (уымæн æмæ æфстаудæттæг кусæндæттæ алыхуызон æфстæуттæй уæлдæрамынд адæймæгтимæ амынд нывыл карст бадзырдтæ сфидар кæныныл нæ разы кæнынц), депутаттæм уый тыххæй хъæстытæ бафтынц.

"Архайæг барадон цæстдардмæ гæсгæ, амынд фарста регионалон æмвæзадыл алыг кæныны фадат нæй. Фæдзæхсæм уын фарстамæ æргом аздахын æмæ Уæрæсейы Гæрзифтонг тыхтæм хайгай æрсидтмæ гæсгæ æфсæддон службæ кæнынмæ кæмæ фæдзырдтой, ахæм адæймæгтæн, стæй сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн бындурон исбоны цъындыйы (ипотекæйы) тыххæй бадзырд сфидар кæныны рæстæг баххуыс кæнын", — фыст ис æмбарынгæнæн фыстæджы.

**БÆЗЗАТЫ Алинæ**

Æмгуыстад

## Егъау социалон проекттæ

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис фембæлд "ВЭБ.РФ"-йы Горæтаг рæзты сæйраг æмгуыстгæнæг МÆХЪИТЫ Иринæимæ. Рæгъмæ рахастой Цæгат Ирыстоны ахъаззаг социалон проекттæ аразыны фарста.**

Республикæйы Хицауад æмæ паддзахадон корпорацийæн иумæйаг фыццаг проект суыдзæн скъолайы арæзтад, бантысдзæн компани "ПроШкола"-йы фæрцы. Бавналдзысты йæм 2023 азы, Дзæуджыхъæуы, уыдзæн дзы 1100 бынаты. Хъуамæ сцæттæ уа 2024 азы.

Ахæм концессион бадзырд "ВЭБ.РФ"-имæ æмгуыстады фæдыл бафыстæуыд амæй размæ республикæйы Ахуырад æмæ наукæйы министрад æмæ "ВЭБ.РФ"-йы дæлхайад "ПроШкола"-имæ. Проекты аргъ у **1,5 миллиард** сомы. Дзанайты Барис фæбæрæг кодта "ВЭБ.РФ"-йы мадзæлтты фæрцы ноджыдæр ма иу скъола саразыны фарста.

Ныхасгæнджытæ рæгъмæ рахастой размæдзыддæр рахæцæнты æмгуыстады фарстатæ. Ныртæккæ РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** фæдзæхстмæ гæсгæ республикæйы размæдзыды æппæт фæзилæнтæм стыр





æргом здæхт цæуы. "ВЭБ.РФ"-йы руаджы ис ахуырады, транспорты, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, уазæгуарзыны, инфраструктурæйы, экономикæйы нысантæ лыг кæнæн.

Дзанайты Барис куыд бамбарын кодта, афтæмæй социалон инфраструктурæйы рæзт, ног объекттæ аразын, кусæг рагон бæстыхæйттæ цалцæг кæнын нæ республикæйæн ахсджиаг у. "Сæ алкæцыдæр куы байгом уа, уæд нæ цæрджыты царды уавæртыл, æнæмæнг, фæзындзæн. Паддзахадон корпораци "ВЭБ.РФ"-йы фæзилæнтæй нæ бон у пайда кæнын. Уыдонмæ ахæссæн ис мадзæлтты стыр къорд, республикæйы фæзуаты сæ спайда кæнæн ис. Нæ дарддæры æмгуыстадыл зæрдæ дарæм, йæ фæстиуджытæ дзæбæх уыдзысты", — загъта Хицауады Сæрдар.

"ВЭБ.РФ"-йы проект "Пять шагов для города"-йыл дæр аныхас кодтой. Дзæуджыхъæу дæр дзы архайы. Йæ авналæнты фæрцы хъуамæ горæтаг алфамбылай фæива, цæрджытæ уыдæттæ бамбардзысты. Хъуамæ хæдзæртты цур фæивой фадæттæ, сæ удæнцойдзинæдтæ фæфылдæр уыдзысты. Дарддæр — æппарæццæгтæ хъуамæ æмбырдгонд цæуой хицæн хуызы, сараздзысты экофæндæгтæ, донывылтæ бырæттæй ссыгъдæг кæндзысты. Горæтаг алфамбылайы фадæттæй пайда кæнын фæпарахатдæр уыдзæн, æнæниз царды уавæртæн фадæттæ сараздзысты æмæ горæтаг экскурситæ, квесттæ, фестивалтæ конд цæудзысты.

Мæхъиты Иринæ куыд радзырдта, афтæмæй горæтаг экономикæйы рæзты фарстатæ равзæрстой, "ВЭБ.РФ"-имæ æмгуыстад цы фадæттæ дæтты, уыдонæй хъæуы пайда кæнын. "Регион зæрдиагæй бакусдзæн Рæзты институтты къордимæ. Хъуамæ царды рауадзой, адæмы, алы бинонты уавæртæ чи фæхуыздæр кæндзæн, ахæм проекттæ", — загъта Мæхъиты Иринæ.

Тагъд рæзты корпорацийы æмæ республикæйы командæтæ райдайдзысты æппæт фарстатыл кусын. Сæ хæс у сбæрæг кæнын хъæугæ мадзæлттæ æмæ уыдоны фæрцы республикæйы объекттæ аразын.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Дыгуры районæй

## Культурæйы хæдзары арæзтад

**Мустыздæхы администрацийы сæргълæууæг ТУККАТЫ Рустам куыд фехъусын кодта, афтæмæй 2024 азы амынд хъæуы сараздзысты Культурæйы хæдзар.**

Туккайы-фырты ныхасмæ гæсгæ, Музтыздæх нымад у районы фæкæсинагдæр хъæутæй иуыл. Ацы хъæуы нæдæр Культурæйы хæдзар, нæдæр спортивон зал, нæдæр сывæллæтты хъазæн фæз ис, фæлæ федералон программæты архайды фæрцы цæрæн бынаты социалон инфраструктурæ къæпхæнгай рæздзæн.

**Нæ уацхæссæг**

Газетфыссынад

## "Рæстдзинад" – 2023 азы фыццаг æмбисæн

**Ацы бонты дарддæр цæуы 2023 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Иннæ хæттытау, ныр дæр "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафысдзысты сæ уарзон газет.**



**Ног азы фыццаг æмбисæн "Рæстдзинад" рафыссæн ис 1208 сомы æмæ 82 капеккæй (2022 азимæ абаргæйæ, у 41 сомы къаддæр). Адæмы льготон къордтæн та — 989 сомы æмæ 4 капеккæй.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**Алы ирон хæдзарæн дæр — газет "Рæстдзинад"!**

***Редакци***

Дзырды фарн

*Æз нæ уарзын æнæмит зымæг.*
*ЕПХИТЫ Тæтæри*

Боныхъæд — **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **13 декабры,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **1-6 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **4-6 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 9,02
**Хурыскаст** — 07,22
**Хурныгуылд** — 16,24

Валютæйы аргъ
**Доллар** — 62,97 ↑
**Евро** — 66,61 ↑

12+

Кусæг æмбырд

# Ногазон бæрæгбæтты æдасдзинад

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг ТОМАЙТЫ Ирбег министрадтæ æмæ ведомствæты минæвæрттæн цы уæрæх æмбырд сарæзта, уым ныхас цыд ногазон бæрæгбæттæм бацæттæ кæныныл, стæй дæргъвæтин фæллад-уадзæн бонты дæргъы зынгсирвæзтытæ æмæ æндæр æнæнхъæлæджы цаутæ ма 'руадзыныл.**

Фембæлды рæстæг сæрмагонд æргом здæхт æрцыд, бæрæгбæтты рæстæг Ирыстоны курорттæм чи ссæудзæн, уыцы бирæ туристты æдасдзинад æмæ зæрдæзæгъгæ фæлладуагъдæн æмбæлгæ уавæртæ саразынмæ



Уæрæсейы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады РЦИ-Аланийы Сæйраг управленийы бæрнон кусæг **Хъайырты Зауыр** йæ доклады бæстон радзырдта, Ног аз æмæ Цыппурсы агъоммæ ведомствæйы специалисттæ зынгсирвæзтытæ æмæ æндæр ахæм фыдбылызтæ ма 'руадзыны нысанимæ цы профилактикон æмæ цæстдарæн куыст кæнынц, уый тыххæй.

— Кæй зæгъын æй хъæуы, дæргъвæтин фæллад-уадзæн бонты агъоммæ æмæ сæ рæстæг æхсæнадон æдасдзинад æмæ ахсджиаг инфраструктурон объектты æнæкъуыхцы куысты фарстатæ свæййынц уæлдай вазыгджын. Æппæт бæрнон министрадтæ æмæ ведомствæты минæвæрттæм дæр сидын, цæмæй кæрæдзиимæ ноджы æнгомдæр æмархайд кæной, — докладæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, бафиппайдта Томайы-фырт.

Æмбырды архайджытæ куыд фæнысан кодтой, афтæмæй Ног азимæ бастæй муниципалитетты дзыллон акцитæ æмæ стыр концерттæ нысангонд нæ цæуынц. Уыимæ, Дзæуджыхъæу æмæ республикæйы районты сæвæрдзысты бæрæгбоны назбæлæстæ, сæйраг фæзтæ æмæ уынгтæ саив кæндзысты алыхуызон цырæгътæй... Кæй зæгъын æй хъæуы, æппæт фæлладуадзæн объекттæ дæр сæ куыст кæндзысты. Ахуырад æмæ культурæйы кусæндæтты сывæллæттæн сараздзысты ногазон бæрæгбæттæ.

дæр. Уыимæ, уæлдай цæстдард хъæуы Цъæй æмæ иннæ хæххон курортты уавæрмæ. Æппæт уыцы фарстатæм Томайты Ирбег аздæхта Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады минæвæртты æргом. Йæ ныхасмæ гæсгæ, æппæт уыцы фæлладуадзæн бынæтты дæр хъуамæ рад хæссой ирвæзынгæнджыты къордтæ. Уымæй уæлдай, фæлладуадзæн базæтæ æмæ фысимуæтты хицæутты 'рдыгæй та хъуамæ фаг каст цæуа зынгсирвæзтытæй æдасдзинады домæнтæм.

Æмбырды архайджытæ æркастысты æндæр фарстатæм дæр.

**Нæ уацхæссæг**

Хатдзæгтæ

## Куысты бæрæггæнæнты хыгъд

**Уæрæсейы Национ гвардийы æфсæдты федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы арæзт æмбырды архайджытæ æрныхас кодтой ацы азы 11 мæйы дæргъы управленийы куысты бæрæггæнæнтыл æмæ фидæнмæ æвæрд пълантыл.**

Сæйраг доклад кæнгæйæ, управленийы хицауы хæдивæг — штабы хицау, булкъон **Роман Беляков** куыд загъта, афтæмæй нæ республикæйы фæзуатыл дзыллон бæрæгбæттæ æмæ спортивон ерыстæ аразыны рæстæг управленийы кусджыты æмæ æфсæддон службæгæнджыты бирæ хæттыты æрбахуыдтой æхсæнадон фæтк хъахъхъæнынадæн фадæттæ аразынмæ. Амынд управлени регионы иннæ барадхъахъхъæнæг структурæтимæ æмгуыст куыд кæны, уый тыххæй дæр хабæрттæ фехъусын кодтой.

Афæдзы райдайæнæй нырмæ Национ гвардийы æфсæдты федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы æнæведомствæйон хъахъхъæнынады дæлхайæдты кусджытæ хъахъхъæнинаг объектты кæрон сæвæрдтой 100 барадхæлдæй фылдæрæн. Граждайнаг хæцæнгæрзты зилдухмæ цæстдарды къабазы фарстатæ дæр лыггонд æрцыдысты.

Хатдзæгтæ кæнгæйæ, булкъон Роман Беляков куыд загъта, афтæмæй Национ гвардийы регионалон управлени йе 'ппæт хæслæвæрдтæ баххæст кодта. Амынд управленийы хицауы хæдивæг, пъæлицæйы булкъон **Дмитрий Подвысоцкий** æмбырды архайджытæн бафæдзæхста управленийы дæлхайæдты æппæт къабæзты куыст фæрæвдз кæнын.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

Фембæлд

# "Иугонд Уæрæсе"-йы бархионты архайд

**Бархионты бон парти "Иугонд Уæрæсе"-йы Сæрдар Дмитрий МЕДВЕДЕВ фембæлд партийы генералон советы нымæрдар Андрей ТУРЧАКИМÆ. Сайт ER.RU куыд хъусын кæны, афтæмæй ныхас цыд "Иугонд Уæрæсе"-йы Æрыгон гварди" æмæ "Хæстон Æфсымæрады бархионты Ротæ"-йы ахсджиаг фарстатæ æмæ сæ архайдыл.**

"Иугонд Уæрæсе"-йы Æрыгон гвардийы сæрдар **Антон Демидов** радзырдта сæрмагонд æфсæддон операцийы райдайæнæй фæстæмæ Донбасс æмæ суæгъдгонд фæзуæтты кæй архайдта 1,2 мин активистæй фылдæр. Ныртæккæ сæрмагонд æфсæддон операцийы бархионтæ æмæ æрсидтонты хуызы архайынц 84 активисты. "Иугонд Уæрæсе"-йы Æрыгон гвардийы бархионтæ 2 минæй фылдæрæй æххуыс кæнынц æрсидтонты бинонтæн, кусынц, цæф æфсæддонты кæм дзæбæх кæнынц, уыцы госпитæлты. Партион проект "Иугонд Уæрæсе"-йы сылгоймæгты змæлд"-имæ сарæзтой ахуыртæ, медицинон хотæн æмæ активон чызджытæн сæ бон кусын уыдзæн Донецк æмæ Луганскы рынчындæтты.

Дмитрий Медведев бацамыдта, "Иугонд Уæрæсе"-йы Æрыгон гварди" æмзæл кæй у антифашистон фæсивæдон организаци "Æрыгон гварди"-имæ. Уый бафиппайдта, абоны цаутæ бæстæйы бирæ адæмы, уæлдайдæр фæсивæды, æндæрхуызон цæстæй кæй акæсын кодтой историйы цаутæм. "Иугонд Уæрæсе"-йы Æрыгон гвардийы активисттæ радзырдтой Донбассмæ цы æнкъарæнтимæ цыдысты, ныртæккæ цавæр хъуыддæгтыл хæст сты æмæ сæм дарддæр цы нысантæ ис, уыдæтты тыххæй. Ноджы ма æмбырды архайджытæ базонгæ кодтой Донбасс, Херсон, Запорожьейы сабыр цард сфидар кæныны тыххæй сæм цы хъуыдытæ ис, уыдонимæ. Уыдонæй иу у Мариуполы Фæсивæдон хъæппæристы центр саразын.

Ног регионты уавæртæ хынцгæйæ, Дмитрий Медведев бахæс кодта цæмæй, хъæуты æрыгон специалистты æххуысæн рацахуысæн дæр. Кæронбæттæны Дмитрий Медведев фæнысан кодта, "Иугонд Уæрæсе"-йы Фæсивæдон гвардийы алы активист дæр фидарæй скарста æмæ йын ис йæхи бынат.

"Мæ бон зæгъын у иу хъуыддаг: цыфæнды куыуа, уæддæр сымах Уæрæсейы Федерацийы граждæнтæ систут. Æмæ уын уый фæдыл арфæ кæнын. Уый бæрзонд ном у", — загъта йæ ныхасы кæрон "Иугонд Уæрæсе"-йы Сæрдар.

Паддзахадон Думæйы депутат РЦИ-Аланийæ **Таймазты Артуры** хъуыдымæ гæсгæ граждæнтыл фæзынынц фыццагдæр. Уымæн хорз æвдисæн у, пандемийы рæстæг нæ цæрджытæн куыд æххуыс кодтой, уый. Æз хорз хъуыды кæнын, уыцы зын рæстæг фæсивæд сæ хъарутыл нæ ауæрдгæйæ иннæтæн куыд æххуыс кодтой, уый. Рынчынтæн хастой, продукттæ, хостæ, уыдысты æдзух сæ фарсмæ. Ныртæккæ æгас бæстæ дæр йæ хъарутæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æххуысмæ куы сарæзта, уæд уым партийы бархионтæ æвдисынц сæ цардхъом архайд. Гуманитарон хъуыддæгтæ, æрсидтонтæ æмæ сæ бинонтæн æххуыс, ног суæгъдгонд фæзуæттыл зæрдиаг куыст æмæ бирæ æндæр ахсджиаг хъæппæристæ æххæст кæнын.





раза программæтæ — "Хъæууон дохтыр", "Хъæууон фелсыр", "Хъæууон ахуыргæнæг". Ноджы ма иу фæндон — æппæт регионты дæр студенттæн сæрды каникулты дæр транспорты лæвар цæуыны æххуысыл бакусæд Хицауады финансон хай фæстæдæр æй "Иугонд Уæрæсе"-йы адæмон программæмæ бахæссыны тыххæй. Уыдонимæ, студенттæ-бархионтæн æхиузæрдион уæвыны куыст парти æдзухдæр нымадта сæйрагдæрыл. "Алы адæймагыл дæр аудын, адæмæн æххуыс кæнын нæ парти æдзухдæр нымадта фыццагдæрыл. Æмæ фæстаг азты уыцы хорздзинæдтæ бархионты хъуыддæгты æвдыст кæй цæуынц, уый у тынг ахсджиаг.

Комкоммæ "Иугонд Уæрæсе"-йы бархионтæ суанг цыфæнды вазыгджын уавæры дæр æххуысмæ

Æрвылбон дæр уыцы куыст кæнынц нæ партийы бархионтæ. Иумæйаг хъуыддагмæ цы егъау бавæрæн хæссынц, уымæн аргъ нæй", — загъта уый.

**Нæ уацхæссæг**

Æрсидт

# Æфсад — лæппуйæ лæггæнæг

**Фыццæгæм ноябрæй райдыдта Уæрæсейы æфсадмæ фæсивæды æрсидты æмгъуыд. Ахæсдзæн суанг декабры кæронмæ. Уыцы рæстæгмæ нæ бæстæйы Гæрзифтонг тыхты сæ хæс æххæст кæнынмæ Дзæуджыхъæуæй хъуамæ арвитой æртæсæдæ лæппуйы.**



Ацы бæрæггæнæнтæ фехъусын кодта дзыллон хабархæссæг кусджытимæ фембæлды рæстæг Дзæуджыхъæуы Æфсæддон комиссар **Беджызаты Роберт**.

Куыд загъта, афтæмæй, Уæрæсейы æфсад Украинæйы сæрмагонд операци кæй æххæст кæны, уый тыххæй ацы æмгъуыд райдыдта фидаргонд фæткæй фæстæдæр. Куыд ма банысан кодта, афтæмæй æвæстиатæй йæ хæс æфсады чи æххæст кæны, уыцы фæсивæд операцийы нæ архайдзысты.

— Нæ горæтæй ацы æрсидты рæстæг æфсадмæ цы фæсивæд цæуы, уыдон сæ хæс æххæст кæнынмæ æрвыст цæудзысты Хуссайраг æфсæддон зылды Уæлдæфон десанты, фистæг æфсады, Национ гвардийы, Уæлдæфон-космосон, спортивон, зонадон хайæдтæм. Уæлдай æхсызгондæрæй бацагурынц (ДОСААФ-ы) республикон хайады цæттæдзинады гæххæттытæ чи райста, уæлдæр æмæ техникон ахуырад кæмæ ис, ахæм лæппуты. Сæрмагонд уавæртæ ис коронавирусы низæй рынчын чи уыд æмæ уый фæстæ æфсадмæ кæмæ фæсидтысты, уыцы фæсивæдæн. Ацы уæззау низæй рынчын кæй уыдысты, уый дохтыртæ куы раиртасынц, уæд сæ се 'фсæддон хæйттæм фæхæццæ кæнынц сæрмагонд цæттæгонд вагонты.

Ацы æрсидты рæстæг ирыстойнаг лæппутæн сæ фылдæр сæ хæс æххæст кæнынмæ æрвыст æрцæудзысты Мæскуы, Бетъырбух æмæ Сахалинмæ.

Дзæуджыхъæуæй сæ куы афæндараст кæнæм, уæд сын цы кадджын æмбырд саразæм, уым фæсивæдæн сæ цæстуарзон фæдзæхстытæ бакæнынц Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администраци, Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас"-ы, Уæлдæфон десанты ветеранты республикон æхсæнады разамынд æмæ уæнгтæ.

**АНВАРАТЫ Валери**
**Къам систа ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

Ахуыргæнæг, куыд кадджын у дæ ном!

# Фæрнæйдзаг сылгоймаг æмæ куырыхон зондамонæг

**Зæрин хуры хæрдгæ тынтæ æрвон тыгъдады куы аивылынц, уæд æй æрвылрайсом фенæн вæййы йæ уарзон Урсдоны скъоламæ тындзгæ Хозиты Наташæйы. Адæймагдзинадæй йе 'мыдзаг, уды хъæздыг æнкъарæнтæй ифтонг кæны æвæллайгæйæ рæзгæ фæлтæры, цыппор азмæ'ввахс сæ ахуыры бæрзæндтæм хоны йæ хæдзонды руаджы. Йæ уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы уроктæ та сты æгæрон цымыдисаг.**

Зындгонд уырыссаг фысджыты æвæджиауы мидисджын уацмыстæ, сæ аив æвзагæй сæ дисы æфтауы алы урочы дæр. Арф зонындзинæдты руаджы æнтыстджынæй радтынц æдзухдæр фæлварæнтæ йæ ахуырдзаутæ. Уымæн дзы афтæ бузныг вæййынц, æрвылаз разамынд кæмæн фæдæтты, уыцы кълæсты ахуырдзауты ныййарджытæ дæр.

Хозион йæ фæлтæрддзинадæй бирæ азты дæргъы ифтонг кодта райдайгæ ахуыргæнджыты уырыссаг æвзаг æмæ литературæйæ, кæддæр ын йæхи куыд "рæвдыдтой" фæлтæрдджын ахуыргæнджытæ, афтæ.

Йæ зæрдыл ма лæууы абон дæр, уæды скъолайы ахуырады сæргълæууæг Гапбаты Зæирæйы методикон æххуыс. Æниу цы диссаджы ахуыргæнджытæ æрбаййæфта, уый та!

Йæ разагъды директор Созайты Юри, физикæйæ арф зонындзинæдтæй скъоладзауты ифтонггæнæг Созайты Нинæ, биологийы æвæджиауы ахуыргæнæг Атайты Аннæ, химийы ахуыргæнæг Петросты Алыбег... Æмæ чи фæуыдзæн се`ппæты нымад та?

Уымæн нал ахаста Наташæйы, æвæццæгæн, йæ къах ахæм коллективæй.

Фæлмæнзæрдæ Хозион зоны алы хъомылгæнинаджы зæрдæмæ дæр фæндаг ссарын.

Чысыл не сты, йæхи фæндагыл кæй афæндараст кодта, уыцы æрыгон чызджытæ æмæ лæппутæ. Хъысмæт сæ царды уæрæх фæндæгтыл акодта алырдæмты. Йæ сæр бæрзæндты хæссы, ныр



йæ фарсмæ, йæ рауагъдон, кæддæры ахуырдзау, уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Боциты Викторияйæ .

Алагиры æртыккæгæм скъолайы бавзæрста æвзонг чызг циндзинад ахуыры бæрзæндтæм тырнынмæ. Раззагдæр, йе`мгæрттæн дæнцæгæн хæссинаг Наташæ, æнтыстджынæй, иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ йæ фæуæвгæйæ, дызæрдыг нæ кодта дарддæры дæсныйад райсыныл. Зондамонæг суæвын ссис йæ хуыздæр бæллиц. Уыцы æнкъарæнтæ йæм сæвзæрын кодта уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы разагъды ахуыргæнæг, скъолайы ахуырады сæргълæууæг Баскаты Нинæ.

Йæ алы ныхас, алы фезмæлд дæр йæ зæрдæмæ афтæ арф хъардтой, æмæ-иу дзы йæ цæстæнгас тонын дæр нал куымдта.

Æнтыстджынæй скъола фæуæвгæйæ фæлвæрæнтæ радтыны фæстæ Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты филологон факультеты дæр ныууагъта арф зонындзинæдтæй ифтонггонд студенты фæд. Æрыгон чызг Урсдоны скъоламæ бацыди куыстмæ. Раст, фæлтæрдджын ахуыргæнæгау, цымыдисаг уроктæ лæвæрдта...Йæ уарзон ахуыргæнджыты коллективæй йæ зæрдæ атонын кæй нæ куымдта, уымæн ын саккаг кодта, æвæццæгæн, хъысмæт кæрæй-кæронмæ цæуыны "тæрхон".

Хозион йæ цард баиу кодта, Хъарман-фалдойнаг Хъасболатимæ. Ам, Магкæты фæрныг къонамæ æркувгæйæ дзы амонды цырагъ ссыгъта, афтæ æнкъардтой, аккаг лæггад кæмæн кодта, йæ уыцы уарзон бинонтæ сæхи.

Æрдз сылгоймаджы цы рæсугъд миниуджытæй сфæлыста, уыдонæй иуæй дæр нæ фæиппæрд — уæздан, адæмуарзон, Сатанайау, бæркадкъух. Уыцы хъæздыг удварны миниуджытæй, кæддæр ын йæ сабибонты йæ уарзон ныййарджытæ Хазби æмæ Рая йæ дадзинты кæй уагътой, уыдонæй рæвдауы йæ уарзон хъæбултæ Руслан, Дианæ æмæ Зауыры. Йæхи хуызæн фæлмæнзæрдæ, адæмуарзон, уæздан æмæ фæллойуарзаг рауадысты уыдон дæр.

Арфæ кæнæм нæ зынаргъ Хозионæн. Бирæ-бирæ азты æнæниз, æнæмастæй тындзæд, йæ уарзон, йæ дзæбæх скъоладзаутæм, нæ зынаргъ, зонды цырагъ!

**БАГАТЫ Сафирæт,**
**ахуыргæнæг**

# Саламты Къолайы ном цæры адæмы зæрдæты

**(Райдайæн 1 фарсыл)**

Мысæн изæры РЦИ-Аланийы адæмон артисткæ **Дзгойты Аллæ** бæстон радзырдта Саламты Къолаимæ Хуыгаты Георы пьесæмæ гæсгæ спектакл "Мæ усы мад"-ыл, цы сфæлдыстадон уавæрты куыстой, кæрæдзийæн, куыд сценикон партнертæ, афтæ, цы æххуысы цыдысты, уый тыххæй.

Национ культурæйы Саламты Къолайы сфæлдыстадон æрмдзæф цас ахадгæ у, канд Ирон нæ, фæлæ ма Уырыссаг театры режиссерты æмæ актерты сфæлдыстадон миддунейыл куыд фæзынд, уый тыххæй радзырдта Евгений Вахтанговы номыл Уырыссаг академион театры директор æмæ аивадон разамонæг, УФ-йы адæмон артист **Владимир Уваров**.

Сценæйы зæрингуырд национ киноаивады дæр ирд æмæ ахадгæ фæд кæй ныууагъта, йæ аудæг зæрдæйы уаг æмæ курдиаты цæхæрæй йæ рæзтыл зæрдиагæй кæй архайдта, уый та номарæн изæры архайджытæ банкъарддтой æмæ базыдтой РЦИ-Аланийы аивæдты сгуыхт архайæг, актер æмæ журналист, газет "Рæстдзинад"-ы сæрмагонд уацхæссæг **Баскаты Уырызмæг** æмæ РЦИ-Аланийы адæмон артист, номарæн изæры режиссер **Цæриаты Валерийы** мысинæгтæй.

Хорз хистæр йæ царды алы бонæй дæр кæстæрты зæрдæтæм зонд æмæ удварны хорзæхтæ хæссæг вæййы. Ацы хъуыдыйы рæстдзинад Саламты Къола йе сценикон архайдæй бæлвырдæй кæй æвдыста, ууыл уыд сæ ныхас, УФ-йы сгуыхт æмæ РЦИ-Аланийы адæмон артисттæ **Гуыбиаты Хъазыбег**, театры сæйраг режиссер **Сæбанты Тамерланæн** æмæ **Рæмонты Ритæйæн**.

Зындгонд артист Саламты Къола йæ адæмæн зæрдиаг лæггад канд ирон теаралон æмæ драматургион аивады нæ кодта, фæлæ ма йын фидар сфæлдыстадон бастдзинæдтæ уыд республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-имæ. Йæ фыст æрмæджыты куыд арф мидис æмæ хъуыды уыд, ууыл уыд йæ ныхас газеты сæйраг редактор **Хозиты Барисæн**. Уый бахаста фæндон, цæмæй Ирон театры къулыл бакæной Саламты Къолайы мемориалон фæйнæг. Йæ ном лæвæрд æрцæуа Дзæуджыхъæуы ног уынгтæй иуæн. Уымæй уæлдай ма бæстон афæлгæсыд, ЦИПУ-йы Аивæдты факультеты актерты дæсныйады кафедрæйы сырæзт æмæ сарæзтмæ Къола цы ахадгæ æвæрæн бахаста, ууыл.

Уф-йы Фысджыты цæдисы уæнг, поэтессæ æмæ тæлмацгæнæг **Баситы Зæлинæ** сæрмагондæй номарæн изæрмæ ныффыста æмдзæвгæ "Нæхи Къола". Æмæ йæ номарæн изæры аив бакаст РЦИ-Аланийы адæмон артист **Къуымæллæгаты Владимир**.

Номдзыд актерæн æмæ хъæбатыр хæстонæн йæ номарæн изæр сæ аивадæй срæсугъд кодтой адæмон кафты ансамблтæ **"Хохаг"** æмæ **"Чысыл джигит"**, Паддзахадон филармонийы зарæггæнджыты къорды уæнгтæ.

Зындгонд артисты царды æмæ сфæлдыстадон фæндаджы æхсидæн артдзæст у Æрыдон. Мадзал саразджытæн æмæ уазджытæн Къолайы райгуырæн уæзæджы цæрджыты номæй, арфæ ракодтой Æрыдоны районы (Муниципалон сконды) бынæттон хиуынаффæйады админитрацийы разамонæджы хæдивæг **Хъесаты Сталбег** æмæ Ныхасы сæрдар **Уырымты Хъасболат.**

Номарæн изæрыл зæрдиагæй кæй бацархайдтой, уый тыххæй йæ кæронбæттæн арфæйы ныхæстæ загъта **Саламты Къолайы чызг Наталья.**

**ГАСАНТЫ Валери**

Мысæн

# Поэт æмæ патриот

*"Æз хъусын ме 'фсургъы мыр-мыр,*
*Мæнмæ уый дард балцмæ куы сиды"*

*Дыгъуызты Тенгиз*

**2020 азы цыппурсы мæйы райдайæны йæ цардæй ахицæн рæстзæрдæ, цæстуарзон æмæ хæларзæрдæ адæймаг, поэт, публицист, тæлмацгæнæг, УФ-йы Фысджыты æмæ Журналистты цæдисты уæнг, Республикæ Хуссар Ирыстоны сгуыхт журналист, Славянаг журналистты дунеон цæдисы уæнг, Джусойты Нафийы номыл литературон премийы лауреат ДЫГЪУЫЗТЫ Никъалайы фырт Тенгиз.**

Ехх, Тенгиз... Куыд зын у дæуыл ивгъуыд афоны фыссын. Тенгиз уыди хорз хæлар æмæ хорз хистæр. Кæд-иу йæхæдæг цыфæнды æнæвдæлон уыд, уæддæр-иу кæддæриддæр цæттæ уыдис адæймаджы фарсмæ балæууынмæ. Тенгиз нæ бинонтимæ хæларæй цардис æмæ йæ сау хабар куы фехъуыстам, уæд, дурдзавдау, фестæм. Мæ мад сау дæдæй ныккодта, нырма, дам, æрæджы дæр махмæ куы уыд.



Æцæгæйдæр, ацы сау хабарæй мæй раздæр уый æмæ йе 'мбал, музыкант Пæррæстаты Георги уыдысты махмæ. Тенгиз диссаджы рæсугъд куывдтытæ фæкодта, фæлæ уый æнхъæл чи уыд, æмæ — фæстаг хатт. Сывæллæтты тыххæй нæм ныхас куы рауад, уæд афтæ бакодта, зæгъгæ, дам, мæнæн хъысмæт афтæ сныв кодта æмæ мæ рынчын чызг Аланæйы хъомыл кæнын æмæ хæссын мæнмæ хауы æмæ, дам, цалынмæ цæрон, уæдмæ мæ хæс æххæст кæндзынæн, кæд æмæ, дам, нал уон, уæд та — мæ кæстæртæ æмæ сæ мад.

Фæлæ йæ, стыр хъыгагæн, Алашкæ (афтæ йæ хуыдтой бинонтæ) йæ афæдзмæ баййæфта.

"Йæ фыды тынг мысыд", — дзырдта мын Тенгизы бинойнаг Аллæ. Иу хатт, дам, æй тезгъо кæнынмæ ракодтон æмæ, дам, нæ размæ дардæй Тенгизы хуызæн лæг æрцæйцыд. Уый фенгæйæ, дам, Алашкæ ныццин кодта, ома, Тенгиз у, фæлæ, дам, æй куы бамбæрста, йæ фыд нæу, уый, уæд æрæнкъард.

Тенгиз райгуырди Хуссар Ирыстоны Сатихъары хъæуы, зæхкусæг бинонты хæдзары. 1983 азы каст фæцис ЦИПУ-йы филологон факультет. 1983 азæй 2004 азмæ куыста газет "Рæстдзинад-ы хистæр уацхæссæгæй, бæрнон нымæрдары хæдивæгæй, телерадиокомпани "Алани"-йы редакторæй. 2008 азæй фæстæмæ разамынд лæвæрдта РЦИ-Аланийы Фæллой æмæ социалон рæзты министрады пресс-службæйæн. 2013 азы нысангонд æрцыд фысджыты æппæтуæрæсеон æхсæнадон организаци "Уæрæсейы литературон фонд"-ы Цæгат Ирыстоны хайады директорæй (йæ царды кæронмæ).

Тенгизы уацтæ цыдысты Ирыстоны æмæ ма суанг центрон газетты дæр. Сæ сæйраг темæ уыд царды рæстдзинад, дыууæ Ирыстоны ахсджиаг фарстатыл. Ирон адæмы хъысмæтыл, мадæлон æвзаджы рæзтыл, нæ фæсивæдыл. Ацы æппæт миниуджытæ бæлвырдæй зынынц йæ иумæйаг поэтикон æмбырдгæндты: "Судз ме стъалы", (Орджоникидзе, рауагъдад "Ир" 1979 аз), "Кæстæрарæх" (Цхинвал, рауагъдад "Ирыстон", 1981 аз), "Æмзæл зарæг". (Дзæуджыхъæу, рауагъдад "Ир" 1986 аз).

Хицæн чингуытæй йын рацыдысты: "Къонайы хъарм" (Дзæуджыхъæу, рауагъдад "Ир", 2000 аз), "Дугивæнтæ". (Мæскуы, рауагъдад "Менеджер", 2005 аз), "Уды зæгъинæгтæ", (Дзæуджыхъæу, рауагъдад "Ир", 2012 аз), "Æвзист суадон", (Дзæуджыхъæу, рауагъдад Осетия "Полиграфсервис", 2015 аз). Дыгъуызы-фырт зæрдиагæй фыста дыууæ Ирыстоны баиу кæныны фарстатыл, нæ культурæйы, аивады, мадæлон æвзаджы, ирон æгъдæутты лыггæнинаг фарстатыл.

Тенгиз бацæттæ кодта литературон-аивадон чингуытæ ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл, уыдонимæ "Сергей Дьяконов "Дорогами судьбы" (2013) æмæ "Наша Вера" (2014). Дыгъуызты Тенгиз ирон æвзагмæ ратæлмац кодта уырыссаг нырыккон курдиатджын фыссæг Светланæ Вьюгинайы сывæллæттæн фыст чиныг "Хурджын ахорæнтæ" æмæ францаг номдзыд фыссæг Шарль Перройы чиныг "Алæмæты аргъæуттæ". Поэт æрмæст ацы дыууæ чиныджы куы ратæлмац кодтаид, уæддæр уый стыр æвæрæн бахастаид национ культурæйы рæстмæ.

Поэт уарзты хъæбул у. Уарзт та — дидинæгджын бæстæ; уыцы ран — æрдз, рыст, фыдыбæстæ, цин, уарзт, фыдæх, удварн, æфсарм... Кæнынц тох арвы бын цæрынмæ. Цы æууæлтæ ранымадтон, уыдон Дыгъуызы-фырты сфæлдыстады ирдæй зынынц, æмæ цалынмæ адæймаджы уды аивады тырыса фæйлауæнтæ кæна, уæдмæ поэты сфæлдыстад хæсдзæн цины æнкъарæнтæ, йæ удæй фылдæр цы Фыдыбæстæ уарзта, уыцы Ирыстонæн, æмæ ирон чиныгкæсджыты зæрдæтæм.

## Номарæн

*(Дыгъуызты Тенгизæн)*

**Дæ сау хабарæй дурдзавдау фæдæн.**
**Зынаргъ Тенгиз! Цы бакуыстай дæхицæн?!**
**Нæ уаз куысты — цæстуарзондæр мæнæн.**
**Нæ арын æз, хæлар, бынат мæхицæн.**

**Нæ мæ уырны. Нæ мæ фæнды уырнын,**
**Кæй нал ныззардзынæ дæ Ир, дæ мадыл.**
**Дæ зæрдиаг, дæ фæлмæн худт уынын.**
**Кæддæриддæр кæндзысты рухс дæ зарды.**

***ДЖУСОЙТЫ Майæ,***
***Уæрæсейы фысджыты литературон æмбалады цæгатирыстойнаг хайады уæнг***

Проект

# Дзæуджыхъæу — бæллицты сахар

**Национ-наукон библиотекæйы ацыд, "Дзæуджыхъæу — бæллицты сахар", — зæгъгæ, кæронбæттæн лекци.**



Ацы проект арæзт у Цæгат Ирыстоны картæтæ æмæ топонимикæйæн. Ног бæстæзонæн проект æххæстгонд цыдис, æхсæнадон змæлд "Нæ Дзæуджыхъæу" æмæ "Уæрæсейы культурæйы фонд"-ы регионалон хайады хъæппæрисæй. Лектор, зындгонд æхсæнадон архайæг, историк, журналист æмæ æхсæнадон змæлды разамонæг **Таутиаты Хъазыбег** мадзалы архайджыты размæ рахаста, биноныг æмбырдгонд, нымæцон фæрæзмæ ивд æвæджиауы историон æрмæг. Фенæн дзы уыдис, азæйазмæ Дзæуджыхъæу куыд рæзыд, цавæр историон цаутæй уыд хъæздыг, йæ уынгтæ æмæ фæзтæ уæрæхдæр куыд кодтой, иуæй-иутæн та дзы рæстæггай сæ нæмттæ ивд куыд цыдысты. Æппæт ацы хабæрттæм æркæсæн уыд горæты пълан æмæ картæты.

Проект "Дзæуджыхъæу — бæллицты сахар"-ы бындурыл фадат уыдис, "Дзæуджыхъæуы фидары равзæрды историйы" æмæ "Уырыссаг фысджытæ Дзæуджыхъæуы", — зæгъгæ, лекциты архайынæн дæр. Азы кæронмæ проекты автортæ фæнд кæнынц "Дзæуджыхъæу Фыдыбæстæйы Стыр хæсты" æмæ "Дзæуджыхъæуы историйы, бинонты истори"-йы фæдыл рефератты конкурс саразын.

Уымæй уæлдай, проект саразджытæ мыхуыры рауадздзысты" Дзæуджыхъæуы историон-культурологон атлас" дæр. Уырдæм хаст æрцæудзысты горæты алы азты генералон пълантæ, раздæр мыхуыргонд чи нæ уыдис, ахæм картографион æрмæг, советон дуджы гæххæттытæ, кадджын граждæнты биографион бæрæггæнæнтæ æмæ зæронд Дзæуджыхъæуы къамтæ.

**ДАТИТЫ Ольгæ**

Конкурс-фестивал

# Форумы æнтыст



**Хæрзаудæн фонд "Быть добру"-йы проект фæуæлахиз дунеон конкурс-фестивал "Мах иумæ"-йы.**

Хæрзаудæн фонд "Быть добру" кæй сарæзта, фæсивæды уыцы æппæтуæрæсеон инклюзивон форум "Æнæ арæнтæй" дунеон конкурс-фестивалы номинаци "Фадæтты бæстæ"-йы бацахста фыццаг бынат.

Фонды разамонæг **Хъуысаты Амырхан** Мæскуыйы "Манеж"-ы сценæйыл хæрзиуæг райста, æрвылаз æппæт Уæрæсейæ æнæниздзинады цыбыргонд гæнæнтимæ лæпputæ æмæ чызджытæ форум "Æнæ арæнтæй"-ы фæархайынц. Амынд фæсивæдæн реабилитацион центр "Тæмисчъы" бындурыл саразынц ахуырадон тренингтæ, стæй культурæйы архайджытæ æмæ спортсментимæ фембæлдтытæ.

**Нæ уацхæссæг**

Æнæниздзинады къуым

# Зонут дзы уæхи хъахъхъæнын

**Æрвылаз 11 декабры бæрæггонд æрцæуы Бронхиалон астмæйы ныхмæ тох кæныны дунеон бон.**

Цы у бронхиалон астмæ? Уый у, æххæстæй дзæбæх кæнын чи нæ комы æмæ, адæймаг иудадзыг рынчын кæмæй у, улæфæнты ахæм низ. Адæймаг тыхулæфт куы кæна, йæ хæр-хæр æхситты хуызæн куы хъуыса, йæ



риу куы æхгæна, иудадзыг куы хуыфа, уæд æппæт уыдон сты ацы низæн йæ бæрæггæнæнтæ.

Ацы низæн йæ бон у, æмæ адæймагмæ фæзына йæ кæцыфæнды кары дæр. Арæхдæр йæ бæрæггæнæнтæ фæзынынц сывæллонæн йæ царды фыццаг фондз азы дæргъы, фæлæ æнахъом сывæллонмæ дæр, гæнæн ис, æмæ фæзыной. Вæййы афтæ дæр, æмæ бронхиалон астмæйæ рынчын сывæллон дзæвгар рæстæг хъаст ницæмæй кæны, æмæ ныййарджытæн сæ фæсонæрхæджы дæр нæ вæййы, сæ сывæллон астмæйæ рынчын у, уый. Афтæмæй та тынг ахсджиаг у низ йæ райдайæны базонын æмæ йæ ныхмæ хостæ афоныл кæнын райдайын. Уымæ гæсгæ, ныййарджыты хъæуы къæрцхъус уæвын æмæ, сывæллон куы хуыфа æмæ уыцы хуыфæг æхсæвы карздæр куы кæна, йæ улæфт æхситты хуызæн куы хъуыса (уæлдайдæр раулæфгæйæ), улæфын ын зын куы уа, йæ риуы йæ цыдæр куы хъыгдара, физикон æгъдауæй исты архайгæйæ тыхулæфт куы кæна, — ахæмæй исты куыддæр бафиппайой, афтæ æвæстиатæй хъæуы педиатры æххуыс бацагурын, æмæ дохтыр сбæлвырд кæндзæн, сывæллонмæ бронхиалон астмæ ис æви нæ, уый.

Бронхиалон астмæ расайы бронхæты сæтцъары аллергия, уый аххосæй бронхæты уæлдай тынгдæр хъыгдарын райдайынц алыхуызон буаргъæдтæ, тæфтæ æмæ æндæртæ. Æмæ сæ куы фæхъыгдарынц, уæд уыцы рæстæг, бронхæтæм рухс кæуылты фæцæуы, уыцы "фæндаг" снарæг вæййы, æмæ рынчынæн улæфт нал фæфаг кæны.

Бронхиалон астмæ куы фæкарз вæййы, ахæм рæстæг адæймаг йæхи куыд дара? Фыццаджыдæр, базонын хъæуы, низ цæй аххосæй фæкарздæр, уый æмæ уыцы аххосаг аиуварс кæнын. Уый фæстæ дæр рынчыны уавæр куы нæ фæхуыздæр уа, уæд хъæуы, дохтыр кæй бацамыдта, уыцы хос бануазын, стæй, улæфт чи фæрогдæр кæна, ахæм фæлтæрæнтæ скæнын (уыдон дæр бацамоны дохтыр). Уыдæтты фæстæ дæр, иу 15-20 минуты фæстæ, адæймаджы уавæр куы нæ фæхуыздæр уа кæнæ карзæй-карздæр куы кæна, уæд æвæстиатæй хъæуы дохтырмæ фæдзурын.

Уæ хæдзары сыгъдæгдзинадыл архайут æмæ, аллергия чи расайы — рыг, хæдзарон цæрæгойтæн сæ хъуынтæ, хæдзарон джыбытæ — уыдон аиуварс кæнут æмæ æнæниз ут.

**Медицинон профилактикæйы республикон центр**

## Дыгъуызы-фырты сфæлдыстады тыххæй зæгъынц:

***Ирон литературæ æдзухдæр уыд æмæ у, Ирыстоны фæрнджын зæххыл цы адæмтæ цæры, уыдоны бæрзонд удварны æмæ культурæйы айдæн. Мах уырны, Дыгъуызты Тенгиз йæ курдиатджын фыдæлты традицитæ дарддæр кæй хæццæ кæндзæн, уый.***

*Валерий ГАНИЧЕВ,*
*УФ-йы Фысджыты цæдисы сæрдар*

***

*Йæ зæрдиаг сфæлдыстад æмæ адæймагон архайды тыххæй йын стыр аргъ кодтой канд интеллигенцийы минæвæрттæ нæ, фæлæ уæрæх чиныг æмæ газеткæсæг дзыллæтæ дæр. Дзæуджыхъæуы, Цхинвал æмæ Мæскуыйы рауагъдæдты йын рацыд поэзийы, прозæйы, публицистикæ æмæ аивадон тæлмацты дæс чиныджы. Цыфæнды куысты мидæг дæр йæ сагъæсты сæр кæддæриддæр уыдис йæ мадæлон æвзаг æмæ литературæ. Йæ аивадон уацмыстæ уымæн уыдысты æвдисæн. Тенгиз уыдис хæрзæгъдау адæймаг, æмбæрста хъазæн ныхас дæр æмæ хъуыддаджы фарсты фæдыл сагъæстæ дæр. Йе 'мгæрттæй-иу искæй йæ сæр куы бахъуыдис, уæд-иу Никъалайы фырт йæ фарсмæ æвæстиатæй æрбалæууыд. Æмæ-иу йæ бон цæмæй уыдис, уымæй-иу ын æххуыс дæр бакодта. Тенгиз уыдис ирон поэт æмæ ирон адæймаг, уыцы дыууæ бæрзонд æнкъарæны йæ, базыртау, хастой æмæ йæ дæлæмæ хауын нæ уагътой. Уый ма уыдис цæстуарзон адæймаг: цал æмæ цал æрыгон авторы фарсмæ балæууыд хъæугæ сахат, цалæн баххуыс кодта, йæ фыццаг æмдзæвгæтæ æмæ йæ фыццаг чиныг рауадзынмæ. Æппынкъаддæр, иу дæс адæймагæн сæ фарсмæ уыд Уæрæсейы Фысджыты цæдисмæ бацæуыны хъуыддаджы дæр. Æндæр адæймагыл аудынмæ йæхицæй хæларзæрдæдæр нæ уыд.*

***ХОЗИТЫ Барис,***
***УФ-йы культурæйы сгуыхт кусæг,***
***УФ-йы Фысджыты цæдисы уæнг, газет "Рæстдзинад"-ы сæйраг редактор***

***

***Дыгъуызты Тенгиз ирон чиныгкæсæгæн зонгæ у куыд поэт, ирон аив дзырдæй ифтонг зæрдæйæ æмæ зондæй цы æмдзæвгæтæ цæуынц, ахæм авторæй. Зонынц æй æхсæнадон кусæгæй, уæлдайдæр та мыхуыры разæнгардæй архайгæйæ. Йæ уацтæ ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл цæуынц Ирыстоны æмæ ма суанг центрон газетты дæр. Сæ сæйрагдæр темæ вæййы царды рæстдзинад, дыууæ Ирыстоны ахсджиаг фарстатæ, ирон адæмы хъысмæт, рæзгæ фæлтæры æмæ фæсивæды ахуыры æмæ царды уавæртæ. Йæ фыст æрмæджытæ фылдæр мыхуыргонд цæуынц иумæйаг сæргонд "нæ риссаг фарстаты" бынмæ. Æрмæст ацы сæргонд дæр комкоммæ æвдисы авторы ахаст абоны царды æнæрастдзинæдтæм, хъысмæтхалæн фæзындтытæм. Йæхимæ здахы газеткæсджыты æргом. Æмæ йæ Дыгъуызы-фырт фыдæнхъæл нæ фæкæны. Царды бирæ фарстатæм æвналы Тенгиз, фæлæ йын дзы уæддæр ахсджиагдæр сты ирон æвзаг æмæ дыууæ Ирыстоны хъысмæт. Уымæй фыссы, йæ зæрдæ цæуыл риссы, уый.***

*ЦГЪОЙТЫ Хазби,*
*УФ-йы Фысджыты цæдисы уæнг,*
*УФ-йы культурæйы сгуыхт кусæг*

***

*Дыгъуызты Тенгиз зæрдæйæ æнкъары рæстæджы комулæфт, зоны аргъ кæнын цаутæн, ис æм йæхи фидар зондахаст. Ацы миниуджытæ бæлвырдæй зынынц йæ фæллæйттыл. Дыгъуызы-фырт у йæ адæмы патриот. Хуссар Ирыстоныл зын рæстæджытæ куы скодта, уæд-иу балæууыд йæ хъахъхъæнджыты фарсмæ, мæстæлгъæдæй йæ зæрдæйы тугæй фыста йе знаджы ныхмæ. Тенгизæн йе 'фсымæр дæр риу-æмриу æрлæууыд фыдгултимæ æмæ хъæбатырæй фæмард.*

*Дыгъуызты Тенгиз фыссы, йæ зæрдæйы арфы цы схæлбурцъ кæны, уый. Зæрдæйæ цы цæуы, зæрдæмæ дæр уый хъары...*

***АБАЙТЫ Эдуард,***
***УФ-йы Фысджыты цæдисы уæнг***

***

***Тенгизимæ базонгæ дæн дыууынæм æнусы æвдайæм азты кæрон Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты филологон факультеты. Дыууæ азы студентты æмдзæрæны Пушкины уынджы иу уаты дæр цардыстæм æз, Колыты Витали, Мамыкъаты Хъазыбег æмæ Дыгъуызты Тенгиз. Уый уыди нæ кæстæр æмбал, æнæзивæг, хъæлдзæг зæрдæйы хицау.***

***Не 'ппæт дæр фыстам æмдзæвгæтæ. Дыууæ хатты нæ поэтикон уацмыстæ хаст æрцыдысты иумæйаг æмбырдгæндтæ "Судз, ме стъалы" æмæ "Æмзæл зарæг"-мæ. Уыцы азты нæ факультеты цыдис къулы газет "Бонвæрнон". Филологон факультеты литературон къордæн уæд арæхстджын разамынд лæвæрдта нæ уарзондæр, куырыхондæр ахуыргæнджытæй иу, Цæгат Ирыстоны адæмон поэт, профессор Джыккайты Шамил.***

***Фæстаг хатт ма Тенгизимæ фембæлдтæн республикон рауагъдад "Ир"-ы. Уæд нæ республикæйы адæмон фыссæг Хуыгаты Сергей, рауагъдады директор Таутиаты Хъазыбег, сæйраг редактор Тъехты Тамерлан æмæ æз цин кодтам, Дыгъуызы-фыртæн адæмон фыссæг Джусойты Нафийы номыл кадджын преми кæй саккаг кодтой, уый фæдыл.***

*ХОХОЙТЫ Энвер,*
*Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг*

***

*"Фыссæгæн йæ зæрдæйы арфæй цы хъуыдытæ цæуы, уыдоныл дзуры йе 'мдугонтæн æргом, цæстуарзонæй, кæм та сагъæс кæнгæйæ. Цардбæллонæй дзуры фидар æмæ æргомæй, царды нæ æгад цы кæны, уыдоныл. Дуджы æлхынцъыты, цæлхдуртæ æмæ хæсты фæстиуджытæ, æнæуынондзинад, козбау, хиндзинад æцæгæлон сты поэтæн. Дыкъахыг сырдтæ — хæстæндзарджытæ, цардæгадгæнджытæ, адæймаджы намыс дæлдзиныггæнджытæ сты йæ цæстысиндз. Фæлæ поэт йæ пъеройы зынг фындзæй тох кæны сæ ныхмæ. Лæууы рæстуд адæмы фарс сæрбæрзондæй, фидарæй, хъайтарау, бæрзонд хæссы рæстдзинады тырыса.*

***БЫЗЫККАТЫ Земфирæ,***
***поэтессæ***



**ДЫГЪУЫЗТЫ Тенгиз**

## Дуджы бæлццон

*(Сонет)*

*М.Ю.Лермонтовæн*

**Æрвæрттывдау уый дунемæ фæзынд,**
**Æмæ ныррухс нæ ивгъуыд дуджы сау тар.**
**Æмбисонд уыд йæ хъару æмæ йе 'хсар.**
**Фыдыбæстæн алдзæн цырагъау сыгъд.**

**Йæ уды тæгтæй тохы зарæг гуырд.**
**Цæмæй нæ адæм уой æмбар, сæрибар.**
**Сæ цардамонд, сæ уарзонад, хæлар...**
**Йæ рухс бæллиц æвзонг поэтæн уыд.**

**Æмæ æнустæ ивдзысты æнус,**
**Фæлæ йæ ном нæ фесæфдзæн сæ фæлмы.**
**Æрвон тыгъдады, стъалыйау, сæ тæлмы, —**

**Кæндзæнис уый нæ зæххон дуне рухс.**
**Фæлтæрты 'хсæн йæ кад,**
**йæ фарн нæ мæлы,**
**Фыдуаг дымгæ йæ цырты раз ныхъхъус.**

## Хур

***Куыд рæсугъд у зымæгон хур.***
***Куы фæхæты цъæх мигътæн се 'хсæн.***
***Куы свæййынц урс миттæ хæрзбур.***
***Лæмæгъ тын æнæхъуаджы куы фехсы.***

***Гъе, афтæ ныр, æвзонг чызгай,***
***Дæ рухс сурæт мæ разы 'рттивы...***
***У де 'нгас амонд, ныфс куы уай***
***Уæд уды райгасæн цы ивы?***

*(Мыхуыргонд цæуынц фыццаг хатт)*

## Спортивон фидиуæг



# Уæрæсейы чемпионат Дзæуджыхъæуы

**Адæмон спорты хуызтæй фæстаг азты парахатæй-парахатдæр чи кæны, абон дзы суанг дунеон чемпионаттæ дæр арæзт кæй цæуынц, уыдонæй иу у мас-рестлинг, иронау та йæ хонынц "ивазæнтæ".**

Ацы спорты хуыз цæмæй Ирыстоны дæр райрæза, ууыл архайынц нæ республикæйы адæмон спорты хуызты федерацийы уæнгтæ **Милдзыхты Таймураз, Илонæ Шапка, Цгъойты Тамерлан** æмæ сæ иннæ æмбæлттæ.

10 декабры мас-рестлинджы цымыдисаг ерыстæм бакæсыны фадат уыд Ирыстоны спортуарзджытæн. Уыцы бон Дзæуджыхъæуы Хъуылаты Базийы номыл спортивон галуан "Манеж"-ы цыд Уæрæсейы чемпионат абсолютон уæзы нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгты 'хсæн.

Уымæй уæлдай, ам æрыгæтты 'хсæн (16-17-аздзыдтæ) цыдис Æппæтуæрæсеон турнир "Кавказы Кубок-2022"-ы. Ерысты архайдтой: Республикæ Саха-Якути, Ленинграды, Сахалины, Тверы, Липецкы облæстты, Стъараполы крайы, Кæсæг-Балхъары республикæ æмæ Цæгат Ирыстоны минæвæрттæ.

Ерыстæ гом кæныны рæстæг спортсментæ æмæ семæ ссæуæг разамонджытæн зæрдиаг арфæтæ ракодтой РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз**, дунеон æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас"-ы сæрдары хæстæ æххæстгæнæг **Еналдыты Хъазыбег**, нæ республикæйы физикон культурæ æмæ спорты министр **Хъоцыты Сослан**. Уазджыты номæй чемпионат араджытæ æмæ Ирыстоны цæрджытæн зæрдæбын арфæ ракодта Уæрæсейы мас-рестлинджы федерацийы президент **Михаил Гуляев**.

Ерыстæ гом кæныны мадзал сæ рæсугъд кафтæй срæсугъд кодтой нæ республикæйы хихъæппæрисадон ансамблты æрыгон артисттæ. Абсолютон чемпионаты чи архайдта, уыдоны 'хсæн уыдысты къорд хъуыстгонд спортсмены. Зæгъæм, нæлгоймæгты ерысты архайдтой Уæрæсе æмæ Азийы чемпион **Сергей Фролкин** (Республикæ Саха-Якути), Уæрæсейы чемпион **Евгений Попов** (Республикæ Саха-Якути), дунейы 3 хатты чемпион **Иван Галкин** (Калугæйы облæст), Уæрæсейы раздæры чемпион **Михаил Погорельцев** (Калугæйы облæст). Нæлгоймæгты ерысты кæронбæттæны фыццаг бынат бацахсыныл ерысы фембæлдысты Иван Галкин æмæ Сергей Фролкин. Сæ тох ахицæн Иван Галкины пайдайæн æмæ уый ссис Уæрæсейы абсолютон уæзы чемпион.

Нæлгоймæгты ерысты ирыстойнаг лæппутæн нæ бантыст призон бынатмæ рацæуын. Уый хыгъд, сылгоймæгты ерысы йæ зындгонд ныхмæлæуджытæн фидар ныхкъуырд радта **Къадзты Зитæ**. Уымæн бантыст 3-аг бынатмæ рацæуын.

Сылгоймæгты ерысы 1-аг бынат бацахста дунеон ерысты уæлахиздзау, Калугæйы облæсты минæвар **Мохинур Абдузоирова**, 2-аг бынат дæр бацахста калугæйаг чызг **Анастасия Галкина**.



Ирыстойнаг спортсментæн зынгæ фылдæр бантыст æрыгæтты ерысты. "Кавказы Кубок-2022"-йы рамбулыныл нæ лæппутæн бантыст иу æвзист æмæ æхсæз бронзæ майданы рамбулын. Æвзист майданæй хорзæхджын ссис **Атарбек Чониашвили**. Уый 2-аг бынат бацахста 50 кг онг уæзы хæцгæйæ.

Бронзæ майдантæй хорзæхджын систы: 60 кг — **Гаситы Азæмæт** æмæ **Огъаты Мурат**, 70 кг — **Зассеты Сослан** æмæ **Дзуццаты Цæрай**, 80 кг+ — **Танделаты Давид** æмæ **Арман Каджаян.**

Лæппутæ цы фондз уæзы ерыс кодтой, уыдоны 1-аг бынæттæ бацахстой: 50 кг **Мирон Андросов** (Саха-Якути), 60 кг — **Рауль Валиев** (Кæсæг-Балхъары республикæ), 70 кг — **Нюргустан Рахлеев** (Саха-Якути), 80 кг — **Максим Меркулов** (Сахалины облæст), 80 кг — **Михаил Русских** (Сахалины облæст).

Чызджытæ ерыс кодтой цыппар уæзы æмæ дзы дыууæ уæзы фыццаг бынæттæм рацыдысты ирон чызджытæ **Кучиты Аминæ** (60 кг) æмæ **Дзуццаты Аделинæ** (70 кг). Иннæ дыууæ уæзы фыццаг бынæттæ бацахстой **Самирæ Гучаева** (Кæсæг-Балхъары республикæ) æмæ **Верæ Чичигинарова** (Саха-Якути).

Уымæй уæлдай, ирыстойнаг чызджытæ рамбылдтой æртæ æвзист æмæ дыууæ бронзæ майданы. Æвзист майдантæй хорзæхджын систы **Миланæ Павлова** (50 кг), **Къудухты Камиллæ** (70 кг) æмæ **Теблойты Данæ** (70+ кг). Бронзæ майдантæ лæвæрд æрцыд **Соттиты Миленæ** (50 кг) æмæ **Дыгуры Аминæйæн** (60 кг).

РЦИ-Аланийы адæмон культурæ æмæ спорты хуызты æхсæнадон советы сæрдар Цгъойты Тамерлан ерысты ацыды тыххæй загъта: "Ерыстæ рауадысты цымыдисаг. Абсолютон уæзы чи ерыс кодта, уыдоны 'хсæн уыдысты, æгас дунейы дæр хъуыстгонд чи сты, ахæм къорд спортсмены. Уыдонимæ цæмæй æнтыстджынæй тох кæнай, уый тыххæй нæ хъæуы рæстæг æмæ уавæртæ. Мæн уырны, махмæ ахæм домбай фæсивæд кæй уыдзæн, уый. Æрмæст уыдонмæ хъæуы цæстдард. "Ивазæнтæ" кæй хонæм, уыцы спорты хуыз цæмæй Олимпиаг хъæзтыты программæмæ хаст æрцæуа, ууыл цæуы ныхас æмæ уый куы 'рцæуа, уæд хъуамæ нæ Ирыстоны спортсментæ фæсдуар ма баззайой".

# Ног спортивон фæз Сунжæйы

Уæрæсейы федералон проект "Бизнес-спорт" ("Æз равзæрстон спорт"-ы) фæлгæты ивгъуыд къуыри Сунжæйы хъæугæрон байгом ног спортивон фæз.

Йæ байгом кæныны мадзал Сунжæйы рауад рæсугъд бæрæгбонау. Спортивон фæзмæ бахизæны æрбацæуæг адæмыл сунжæйаг хистæртæ сæмбæлдысты æртæ чъиримæ. Кувæг лæг Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæм скуывта, æмæ сæ ракуырдта, цæмæй ног спортивон фæз суа Сунжæйы рæзгæ кæстæртæн æмæ æппæт хъæуккæгтæн дæр уарзон æмæ амонджын бынат.

Спортивон комплексмæ бацæуæн куы байгом кодтой, уæд иууылдæр федтой, куыд зæрдæмæдзæугæ æмæ бæстон арæзт æрцыдысты футболы, баскетболы фæзтæ, афтæ хорз ифтонггонд у хицæттæгæнæн фæз дæр. Футболон фæзы цур цы трибунæ ис, уый дæр у зæрдæмæдзæугæ арæзт. Ис ын æхгæд сæр æмæ дзы къæвда кæнæ хур бон спортуарзджытæ уыдзысты æдыхст.

РЦИ-Аланийы физикон культурæ æмæ спорты министр **Хъоцыты Сослан** спортивон комплекс гом кæнгæйæ, загъта: "Нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы номæй зæрдиаг арфæ кæнын Сунжæйы цæрджытæн. Уырнымæ, ам цы хъазæн фæзтæ ис футбол æмæ баскетболæй, кæнæ дзы цы тренажертæ æвæрд ис, уыдонæй сунжæйæгтæ се 'нæниздзинад фидар кæнынæн пайда кæй кæндзысты. Фæсивæдæй курын, ацы хорздзинад тынгдæр сымахæн арæзт æрцыд, æмæ дзы цы ис, уыдонæй пайда кæнгæйæ сæ хъахъхъæнын дæр куыд зонат, ахæм зонд уæм уæд!"



Горæтгæрон районы бынæттон администрацийы сæргълæууæг **Есиаты Руслан** йæ раныхасы бахахх кодта: "Абон ацы спорткомплекс канд Сунжæйæн лæвар нæу, фæлæ æгас Горæтгæрон районæн дæр. Арæзт кæй æрцыд, уый тыххæй уæлдай арфæ кæнæм уæ хъæуккаг, нæ республикæйы физкультурæ æмæ спорты министр Хъоцыты Сосланæн. Уый тынг бацархайдта йæ саразынæн уавæртæ скæныныл. Сунжæйæ рацыдысты бирæ зындгонд спортсментæ хъæбысхæстæй, дзюдойæ, лæгæй-лæгмæ тохтæй. Уыдоны 'хсæн сты, æгас дунейы дæр хъуыстгонд чи у, ахæм спорты хъайтартæ. Ныр, ацы ног фæзы фæрцы Сунжæйы сæхи "Пелетæ" æмæ "Марадонатæ" дæр куыд фæзыной, уый сын нæ зæрдæ зæгъы!"

Сунжæйы цæрджыты номæй спортивон комплекс саразджытæ æмæ йæ гом кæныны мадзалмæ цы адæм æрбацыд, уыдонæн зæрдæбын арфæ ракодта хъæуы дзырддзæугæ лæгтæй иу, РЦИ-Аланийы сгуыхт ахуыргæнæг **Хуыгаты Æхсарбег**.

Уый фæстæ футболон фæзмæ музыкæйы зæлтимæ ратындзыдтой æвзонг фæсивæд æмæ кафгæхъазгæйæ тынг барæсугъд кодтой бæрæгбон.

**ЧЕЛÆХСАТЫ Уырызмæг**

## Барадон фæтк

# Тæрхæгæй æхца адавта

**Бесланы дуканитæй иуы администраторсылгоймаг тæрхæгæй æхца адавыны цауыл пъæлицæмæ бахъаст кодта.**

Фыдбылызы бынатмæ æрбацæуæг барадхъахъхъæнджытæ дуканийы кусджытæм фарстытæ радтой, стæй видеоцæстдарды камерæты фыстытæм æркастысты (раздæры æлхæнæг тæрхæгыл кæй ныууагъта, лæппу, уæйгæнæджы æргом æндæрæрдæм здахгæйæ, уыцы æхцатæ сусæгæй куыд адавта æмæ фæстæдæр дуканийæ куыд афардæг, видеоцæстдарды камерæты фыстытæ уыдæттæ равдыстой). Фыдгæнæджы бæрæггæнæнтæ пъæлицæйы кусджытæн æвæстиатæй фехъусын кодтой.

Оперативон-агурæн мадзæлттæ сæххæст кæнгæйæ, барадхъахъхъæнджытæ кæй æрцахстой, уыцы гуырысхойаг адæймаг — 20-аздзыд дзæуджыхъæуккаг лæппу — йæ азымыл басаст. Куыд рабæрæг, афтæмæй Бесланы цæрæг хи нанамæ æрбацæуæг лæппу хиуонмæ фæндагыл цæуыны рæстæг æхца "самал кæнын"-ы фæнд скодта. Фыдракæнд саразыны фæстæ æнæсæрфат хъæбулы зæрды уыд Дзæуджыхъæумæ æрбаздæхын, фæлæ йæ пъæлицæйы кусджытæ баурæдтой.

Гуырысхойаг адæймагыл Уголовон кодексы 158-æм статьямæ ("Адавд") гæсгæ саразтой уголовон хъуыддаг.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ**

## Бакæс, базон

*Цæмæй страусы айк къуыдырвых скæнай, уый тыххæй йæ фыцын хъæуы дыууæ сахаты.*

***

***Иу милуан доллæры купюрætæ — иугай доллæртæй ласдзæн иу тоннæ.***

***

Номдзыд уырыссаг поэт Корней Чуковскийы æцæг мыггаг æмæ ном — Николай Василийы фырт Корнейчуков.

***

***АИШ-ы адæм фылдæр мæлынц, тамако кæй дымынц, уый аххосæй. Уæрæсейы цæрджытæн та сæ зианхæссæг у карз нозт.***

***

*Цæмæй адæймаг, уыцы-иу рæстæг хур æмæ арвæрдын уына, уымæн æй бахъæудзæн сæрмагонд оптикон æвгтæ.*

***

***Дунейы æппæты хæцагдæр куыдз у немыцаг овчаркæ.***

***

*Китайæгтæ сæ дæндæгтæ сæрмагонд пастæйæ æмæ щеткæйæ не 'хсынц, фæлæ сæ дæндæгтæ ранхъæвзынц цъæх цайæ.*

***

***Австрийаг пианист Пауль Витгенштейæн йæ рахиз къух алыг кодтой Фыццаг дунеон хæсты рæстæг. Фæлæ уæддæр рахиз къухæй дæр иттæг хорз цагъта. Æмæ йæ ном айхъуыст дунейыл.***

***

*Бразилийы цæрджытæ сæхи найынц бон 3-4 хатты. Уазæгуаты сæм куы бацæуай, уæддæр хъуамæ фынгыл æрбадыны размæ дæхи фысымтæм цынайай.*

## "Рæстдзинад"-ы уазæг

# Хæрзиуæг — æфсæддонты цард хъахъхъæнæгæн

Не 'мзæххонтæй исчи Ирыстонæй дæрддзæф уæвгæйæ, цы хъуыддаджы бацæуы, уым стыр æнтыстытæ куы равдисы, йе 'гъдауæй, цы адæмы 'хсæн цæры æмæ кусы, уыдонæн хиуонау уарзон куы свæййы, уæд уый кад скæны æрмæст йæхицæн нæ, фæлæ йæ райгуырæн Ирыстонæн.



Ахæм нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæй сæрыстыр вæййынц канд сæ хиуæттæ æмæ хæстæджытæ нæ, фæлæ æгас ирон адæм дæр.

Алы рæстæгмæ дæр йæхи домæнтæ ис адæймаджы хорз миниуджытæ раргом кæнынæн. Уыдоны йæхи хъомысджынæй чи равдисы, ахæм адæймæгтæ вæййынц кады аккаг.

Мæнæ та ацы бонты мах фехъуыстам æмæ базонгæ стæм, не 'мзæххон сæрæн æмæ уæздан лæг, æфсæддон-медицинон службæйы булкъон **Багаты Игоры фырт Оледжы** арфæйаг архайдимæ.

Багайы-фырты хабæрттимæ нæ базонгæ кодта нæ республикæйы Парламенты депутат, зындгонд патриот æмæ хæрзаудæг **Уататы Зелим**: "Багаты Олегимæ æз фембæлдтæн, ныртæккæ Донецк æмæ Луганскы республикæты цы ирыстойнаг хæстонтæ тох кæнынц, уыдоны бабæрæг кæнынмæ куы ацыдыстæм, уæд. Олег æфсæддон госпитæлы сæргълæууæг уæвгæйæ, стыр æххуыс кæны, тохты цы æфсæддонтæ фæцæфтæ вæййынц, уыдонæн æмæ бæллæхы чи бахауы, уыцы сабыр цæрæг адæмæн. Йæ дæлбар госпитæлы куыст у тынг хорз æвæрд. Уым нæ ирон лæппутæй чи фæцæф, ахæмтæ уыд цалдæр æмæ се 'ппæт дæр тынг бузныг уыдысты Олег æмæ йе 'мкусджыты цæстдардæй. Багайы-фырт йæ амæйразмæйы сгуыхтдзинæдты тыххæй хорзæхджын æрцыд майдантæ "Фыдыбæстæйы раз сгуыхтдзинæдты тыххæй", "Жуковы номыл" æмæ æндæр хæрзиуджытæй. Стыр бузныджы аккаг сты Оледжы мад Багаты-Джиоты Людмилæ æмæ йæ дзæнæты бадинаг фыд Багаты Игор, ахæм хæрзæгъдау æмæ бæрнджын фырт чи схъомыл кодта".

Йæ удуæлдай фыдæбон æмæ йе стыр лæггæдты тыххæй 8 декабры РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг хæссæг фæрæзты минæвæрттимæ.

Хæрзиуæгæй хорзæхджын кæй æрцыд, уый тыххæй Олег æфсæрмыгæнгæйæ загъта: "Æз стыр бузныг зæгъын, ахæм кадджын хæрзиуæджы аккаг мæ кæй скодтой мæ райгуырæн Ирыстоны, уый тыххæй. Æфсæддон дохтыр уæвгæйæ, мах хъуамæ кæдфæнды дæр цæттæ уæм, цы уавæр сæвзæры, уым æнæкъуылымпыйæ архайынмæ. Æз æфсæддон медицинæйы службæ кæнын ссæдзæм аз. Уæрæсейæ уæлдай ма хæстон уавæрты уыдтæн Сири æмæ Карабахы. Ацы хæст та уæлдай зæрдæхсайгæдæр у, уымæн æмæ дзы бирæ æфсæддонтæ ис нæ республикæйæ. Нæ госпитæлмæ цæфтæй чи æрбахауы, уыдоны 'хсæн уыдысты ирон лæппутæ дæр. Æз сæ сæрæстыр дæн, сæхи куыд дардтой, уымæй. Цалдæрæй, куыддæр сдзæбæх сты, афтæ фæстæмæ сæ хæцæг æмбæлттæм атындзыдтой. Нæ дохтыртæ дæр сæ тынг разы уыдысты æмæ сæ æмбисондæн хастой".




Олег куыд радзырдта, афтæмæй ма уым æнтыстджынæй службæ кæнынц цалдæр ирон дохтыры Хæтæгты Марат, Махъоты Хазби, Æгъуызарты Аркади. Иууылдæр сæхи æвдисынц тынг сæрæнæй. "Хæтæгты Маратæй куы зæгъæм, уæд уый службæ кæны, тохтæ кæм цæуынц, уый тæккæ цур", — загъта йæ ныхасы кæрон булкъон.

Уататы Зелим ма ацы ныхæстæм бафтыдта: "Нæ фæсивæд сæхи хорзæй кæй æвдисынц, уый мах фехъуыстам бирæтæй. Тынг сæрæн æмæ профессионалон хорз цæттæдзинад æвдисы нæ республикæйы Сæргълæууæджы фырт Сергей Сергейы фырт Меняйло дæр. Уый тыххæй нын дзырдтой Донецкы уæвгæйæ. Уым йæхи хъæбатырæй чи 'вдисы, уыцы хæстонтæ сты кадгæнæг нæ Ирыстонæн. Хъыгагæн, уым йæхи хорз чи нæ дары, нæ ахæм æмзæххонты кой дæр ракодтой. Сæ нымæц афтæ бирæ кæд нæу, уæддæр сты нæ адæмы худинаггæнæг æмæ нæ уыл бакусын хъæуы, цæмæй иу ниццæйаджы ном цъыф ма кала, нæ адæмæн кадгæнæг чи у, уыцы сахъгуырдты удуæлдай архайдыл. Уыдонæй иу у, мæнæ нæ разы чи ис, уыцы Багаты сæрæнгуырд Олег. Иу хатт ма зæгъын, стыр бузныг, цы стыр æххуыстæ бакодта не 'мзæххонтæн, уый тыххæй йæхицæн æмæ йæ Хуыцауысконд мад Людмилæйæн. Уый 50 азы бæрц ахуыргæнæгæй кусы Сунжæйы скъолайы. У æцæг рухстауæг ахуыргæнæг æмæ йын нæ зæрдæ зæгъы, бирæ азты ма йæ кæстæртæн æмæ уыдоны кæстæрты кæстæрты цинæй фæллад куыд нæ зона!"

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Проект

# Фыдыбæстæйы иузæрдион фырттæ

**Цæгат Ирыстоны паддзахадон университет ныртæккæ цæттæ кæны историон-документалон равдыст "Кавказы хъазахъхъæгтæ — Фыдыбæстæйы иузæрдион фырттæ". Проект царды бантысдзæн фонд "Фыдыбæстæйы истори"-йы финансон фæрæзты фæрцы.**

Хъазахъхъы историмæ адæм кæддæриддæр уыдысты къæрцхъус, уый дзуры, Фыдыбæстæйы хъысмæтыл тынг кæй сахадыдтой, ууыл. Уæрæсейаг историографийы куыд банымадтой, афтæмæй хъазахъхъ адæмы историйыл фæбæрæг сты. Кавказы фæзуатыл хъазахъхъ цæрынц фæстаг фондз æнусы дæргъы, Иван Грозныйы рæстæгæй нырмæ. Уымæн йæ бинойнаг уыд кънйаз Темрюкы чызг Мария. Иван Грозный ацы фæзуæттæм лæмбынæг каст.

Уæрæсейы хъысмæтыл хъазахъхъæгтæ тынг фæзындысты. Хъазахъхъ цардысты бæстæйы хуссайраг арæнтыл, уыдонæн сæ ахадындзинад геостратегион уыд. Кæддæриддæр Фыдыбæстæйæн кад кæнгæйæ, службæ хастой, историмæ бахастой сæ хъæбатыр хъуыддæгтæ. Лæгдзинад æмæ иузæрдиондзинады дæнцæгтæ хъазахъхъ равдыстой Императоры Уæлдæрдзинад Къанвойы куы службæ кодтой, уырыссаг-туркаг хæсты хæцгæйæ, XX æнусы Фыццаг дунеон хæст куы бацайдагъ æмæ 1917 азы революцийы рæстæг.




Ныртæккæ дæр хъазахъхъ сты разæй. Куыддæр 2014 азы Донбассы зынгæфтауæн бомбæтæ рæмудзын райдыдтой, афтæ теркаг хъазахъхъаг, Дзæуджыхъæуы цæрæг, атаман Владимир Костионов сфæнд кодта Донбассы сабырцæрæг адæмы бахъахъхъæнын. Кæд запасы афицæр уыд, уæддæр йæ бæстæ тынг уарзта Владимир, фæсивæдимæ куыста, цæттæ сæ кодта æфсадмæ.

Хæстон йæ хæдзармæ фæстæмæ нал сыздæхт, 2014 азы Луганскы бынмæ фæмард. Ныртæккæ лæгдзинады æууæлтæ æвдисынц сæдæгай хъазахъхъæгтæ батальон "Терк"-ы. Сæрмагонд хæстон операцийы архайынц, сæхиуыл нæ ауæрдынц. Сæ фылдæр сты хæстонтæ, хæстон операциты архайджытæ. Хъахъхъæнынц Донецк, Луганск, Запорожье, Херсон. 2022 азы 21 июлы сын радтой хæстон тырыса — уый æрцыд Хъазайнаг уазныві бон, августы та "Терк" ссис æфсад "Восток"-ы хай.

Теркаг хъазахъхъæгтæ бæстæйы фыццаг бавнæлдтой æфхæрд фæзуæтты цæрджытæн гуманитарон æххуыс ласынмæ. Хæццæ сæ кодтой фронты раззаг хаххмæ. Æрæджы теркаг хъазахъхъæгтæ ныффыстой видеосидт Кавказы æппæт хъазахъхъæгтæм, уæлахизы бонмæ кæй хæцдзысты, уымæй зæрдæ бавæрдтой. Теркаг Хæстон Хъазахъхъаг æхсæнады сæрмагонд хæстон операцийы архайджытæн скодтой майдан.

Ацы проекты фарс рахæцыдысты Уырыссаг историон æхсæнад, "Теркаг хъазахъхъаг культурон центр", Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты наукон институт. Экспозицийы бындуры сты хуызджын, сау-урс къамтæ, официалон документты къопитæ, географион картæтæ, хъазахъхъаг цардыуаджы дзаума æмæ уæлæдарæс.

Проекты фыццаг къæпхæн ахицæн уыдзæн 2022 азы декабры.

***Равдысты оргкомитет***



**Галуаты бинонтæ бузныг зæгъынц, сæ зыны сахат, Галуаты Харитоны фырт Сталбеджы зианы бон сæ фарсмæ чи балæууыд, сæ рисæй сын чи айста, уыцы æрцæуæг дзыллæйæн, æмæ хъусын кæнынц, йæ афæдзы кæнд кæй уыдзæн 17 декабры, сабаты, Фарныхъæуы Фæскомцæдисонты уынджы 59-æм хæдзары.**

**Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти. ТЕЛ.: 8-989-037-18-04.**

Номыры радхæссæг редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Рауагъды редактор — **Саутæты Тамилæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
2-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Гаглойты Наташæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацианы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ ныв тæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3518. Заказ № 1387. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**